

Revize: 10/29/09



Depatman la Sante nan konte Broward Klinik vaksinasyon H1N1 pou moun ki a risk.

Depatman la Sante nan Konte Broward ap travay di pou bay vaksen H1N1 Grip kochon an, premyèman ak gwoup ki gen priyorite e aprè ak tout moun kap viv nan Broward e tout vizitè ki deside vaksinen. Pou nou fè sa, nap travay ak tout patnè nou yo tankou:

- Tout lekòl piblik nan konte Broward;
- Lekòl prive ak lekòl charter
- Lopital;
- Pwofesyonel la sante kap bay swen ak malad ki gen gwo risk;
- òganizasyon nan kominote-a;
- Moun ki repon'n lè gen ijans
- Minicipalite nan Broward
- Epi Gouvènman nan konte Broward

A pati Lindi 2 Novanm 2009, Depatman la Sante nan konte Broward pral louvri yon klinik vaksinasyon H1N1 pou moun ki gen risk nan sant sante Northwest ki sitiye nan 625 NW 15th Way, Fort-Lauderdale, kap fonksyone pandan la jounen (8:00 A.M. a 4:00 P.M.) de Lindi a Vandredi pou sèvi moun ki gen risk ki pa kabab jwen'n vaksen an kay doktè yo oubyen ki pa genyen yon doktè. Le nou fin sèvi moun ki gen priyorite yo, epi tou nou gen plis vaksen ki rive, vaksen an pral disponib kay doktè, nan famasi e lòt kote nan kominote- a pou moun ki pa gen doktè oubyen asirans.

Sonje, vaksen an konye-a se pou moun ki gen priyorite ke Sant pou Control Maladi ak Prevansyon idantifye. Se moun tankou:

- Fanm ansent
- Moun kap travay nan domèn la sante epi ijans
- Moun kap viv oubyen kap gade ti moun ki genyen mwens pase 6 mwa daj
- Nenpòt moun ki gen 6 mwa rive 24 lane
- Nenpòt moun ki gen 25 lane rive 64 lane ki gen pwoblèm sante ki mete yo a risk pou gen konplikasyon la grip.

Si ou nan gwoup ki gen priyorite e ou ta chwazi pou ou vaksinen, tanpri kontakte doktèw pou ou konnen si yap patisipe nan vaksinasyon H1N1. Si se pa sa, kom nou deja di ou, Klinik vaksinasyon H1N1 nan Depatman la sante nan konte Broward sitiye nan 624 Northwest 15th Way, Fort Lauderdale, FL 33311 (tanpri suiv direksyon anba) , ap ofri vaksen H1N1

pou moun ki gen risk ak tout moun nan konte Broward ki nan gwoup ke nou bay priyorite. Klinik la pral fonksyone sòti Lindi pou rive Vandredi 2009, lap kòmanse lindi kap 2 novanm de 8:00 A.M. a 4: 00 P.M. Pou konye- a ou pap bezwen rele pou randevou. Mache vin nan Klinik la, si ou rive an premye yap sèvi w an premye. Tanpri rele 954-467-4705 pou plis enfòmasyon.